

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Gambaran Umum Lokasi Panalungtikan**

##### **3.1.1 Lokasi Géografis**

Lokasi nu dijadikeun tempat panalungtikan ku panulis nya éta Désa Kulur anu aya di wilayah Kecamatan Majalengka, Kabupatén Majalengka, pernahna di kampung Tarikolot. Jarak tempuh ti Kabupatén Majalengka kurang leuwih 3,5 km. Wates Désa Kulur beulah wétan nya éta Désa Kawunghilir, beulah kalér Kelurahan Cigasong, beulah kidul diwatesan ku Désa Cieurih-Désa Cibodas, sarta beulah kulon diwatesan ku Kelurahan Sindangkasih. Lega Désa Kulur nya éta 146.347,15 Ha. Nurutkeun data monografi taun 2011, jumlah pendudukna 4165 urang nu kabagi kana 1452 KK.

##### **3.1.2 Kondisi Sosial Budaya**

###### **3.1.2.1 Warga**

Dina kahirupan sapopoéna, hubungan masarakat Désa kulur kawilang alus, katitén waktu panalungtik ngayakeun panalungtikan masarakatna kacida soméah. Saupama aya nu keur hajat ngawinkeun atawa nyunatan sarta ngarehab imah, silih bantuan boh mangrupa tanaga boh mangrupa matéri. Salian ti éta, lamun aya kapapaténan atawa nu gering ogé silih tulungan. Hal ieu nandakeun hirup kumbuh masarakatna sauyunan tur masih nyekel pageuh tradisi.

###### **3.1.2.2 Pendidikan**

Ku ayana kawijakan pamaréntah ngeunaan Wajar (wajib belajar) Dikdas salapan taun, ngabalukarkeun kamekaran dina widang pendidikan di Désa Kulur kawilang alus. Sok sanajan masih aya masarakat anu can sadar kana pentingna

pendidikan. Ieu hal tangtu disababkeun ku sababaraha faktor, saperti kaayaan ekonomi nu kurang.

Saupama niténan data monografi taun 2011, masarakat Désa Kulur dina widang pendidikan geus kawilang alus. Ieu hal katitén tina jumlah murid nu sakola TK nya éta 69 urang, SD 267 urang, SMP 182 urang, SMA 118 urang, sarjana S1 12 urang sarta anu geus lulus sarjana S2 saurang. Sarana prasarana pendidikan di Désa Kulur ngan aya wanganan TK anu jumlahna hiji sarta jumlah guruna tujuh urang, wanganan SD aya dua jeung jumlah guruna 25 urang. Ditambah ku ayana pendidikan non-formal nya éta sakola Islam anu jumlahna aya hiji sarta Raudhatul Athfal anu jumlahna aya dua.

Tingkat pendidikan masarakat Désa Kulur, bisa katitén dina ieu tabél di handap:

**Tabél 3.1**  
**Jumlah Penduduk Dumasar Pendidikan Formal**

No.	Tingkat Pendidikan	Jumlah
1	Sakola TK	69 urang
2	SD	267 urang
3	SMP	182 urang
4	SMA	118 urang
5	D-1	-
6	D-2	-
7	D3	-
8	S-1	12
9	S-2	-
10	S-3	-
Jumlah		648 urang

### 3.1.2.3 Agama jeung Kapercayaan

Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Umumna agama nu diagem ku masarakat Désa Kulur nya éta agama Islam. Ieu hal katitén tina data monografi yén aya 4165 urang nu ngagem agama Islam di ieu Désa. Dina ngalaksanakeun ibadahna, masarakat Desa Kulur dirojong ku tempat ibadah, nya éta 6 masjid jeung 20 mushola. Sapopoéna ieu tempat ibadah téh tara sepi ku masarakat nu ngalaksanakeun ibadah sholat berjamaah jeung pangajian atawa majelis ta'lim.

Aya sababaraha masarakat nu masih kénéh percaya kana arwah karuhun, nya éta pernahna di blok Telar Gedang Désa Kulur. Ieu kapercayaan kagambar waktu digelarkeunna kasenian *Gaok*, masarakat blok Telar Gedang kacida antusiasna mawa cai kembang pikeun didu'aan ku dalang *Gaok*. Waktu seni *Gaok* rengsé dipintonkeun, masarakat ngabagi éta cai kembang kana botol-botol nu disadikeun, satulunya dibagikeun ka masarakatna. Tujuanna nya éta pikeun ménta barokah ka karuhun utamana ka Gusti nu Maha Suci Allah SWT. Sanajan agamana Islam, tapi urang Sunda sok masih percaya kana hal-hal anu sifatna henteu *realistik*. Kitu deui masarakat Désa Kulur anu masih kenéh percaya kana hal-hal goib atawa sagala hal anu aya pakaitna jeung ngadégkeun imah, itung-itungan poé anu hadé pikeun namu atawa nganjang, sarta kacida ngahormatna ka *Nyi Pohaci Sanghyang Sri* anu dianggap titisan tina paré. Nu matak sataun sakali sok dilaksanakeun upacara seni *Gaok* dina acara mipit paré, nu miboga tujuan dipiharep sangkan hasilna mucekil sarta salian ti tujuan éta ogé pikeun ngahormat ka *Nyi Pohaci*.

Hal di luhur mangrupa salahiji kabiasaan anu dilaksanakeun ku masarakat Sunda sacara turun tumurun ti karuhunna. Ieu pernyataan téh sarua jeung pamadegan Guru Besar Antropoli Sosial ti Universitas Indonesia nya éta Suwarsih Warnaen dina Bachtiar, dkk (1988: 408) urang Sunda mah kudu nyonto kana naon anu dilaksanakeun ku karuhunna dina ngajalankeun ajaran-ajaran nu aya hubunganna jeung dunya sarta ahérat.

### **3.1.2.4 Basa**

**Ida Aridah, 2013**

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Basa ilaharna digunakeun manusa dina kagiatan komunikasi jeung papadana. Nurutkeun pamadégan Wirakusumah & Djajawiguna dina Sudaryat (2004: 5) nétélakeun yén basa téh nya éta alat nu dipaké ku manusa pikeun ngedalkeun eusi haténa, diwangun ku réntétan sora nu geus ditangtu keun éntép seureuhna ku masarakat éta basa.

Basa anu dipaké ku masarakat Désa Kulur dina komunikasi sapopoé, umumna nya éta basa Sunda. Sok sanajan aya sabagian masarakat anu urang Jawa, tapi basa Sunda tetep digunakeun nalika komunikasi. Ieu hal tangtu mangaruhan kana prosés nyebarkeunna kabudayaan asli Désa Kulur.

### 3.1.2.5 Pakasaban

Pakasaban masarakat Désa Kulur ngawengku sababaraha widang pagawean, tapi umumna mah jadi buruh tani. Hasil tatanén anu loba dihasilkeun ku masarakat Désa Kulur nya éta jagong jeung paré. Lian ti éta, masarakatna ogé aya anu pakasabanna salaku karyawan, tani, PNS, tukang dagang, peternak, tukang bengkél, Pembantu Rumah Tangga, TNI, POLRI, wiraswasta jeung dukun kampung. Ieu pakasaban masarakat Désa Kulur bisa dititénan dina tabé ieu di handap:

**Tabé 3.2**  
**Jumlah Penduduk Dumasar Pakasaban**

No.	Pakasaban	Jumlah
1	Patani	445 urang
2	Buruh Tani	945 urang
3	PNS	45 urang
4	Dagang	29 urang
5	Ternak	35 urang
6	Pembantu Rumah Tangga	40 urang
7	TNI	Saurang

8	POLRI	2 urang
9	Wiraswasta	131 urang
10	Dukun Kampung	2 urang
Jumlah		1675

### 3.1.3 Sistem Kakarabatan

Dina hirup kumbuhna masarakat Désa Kulur kaasup kana masarakat anu masih kénéh nyekel pageuh kana tradisi gotong royong. Ieu hal katitén tina kgiatan-kgiatan gotong royong, saperti dina waktu aya nu ngawangun imah, masarakatna leuwih ngaheulakeun pagawéan umum tibatan pagawéan pribadi. Salian ti éta, upama aya nu kapapaténan, aya nu hajatan kawinan, atawa nyundatan. Masarakatna ikhlas silih bantuan, tanpa ayana rasa kapaksa.

Kgiatan-kgiatan gotong royong séjenna nu masih dilaksanakeun ku masarakat Désa Kulur nya éta gotong royong dina ngagarap sawah atawa tatanén, dina ngajaga kaamanan jeung katertiban masarakatna, salasahijina kgiatan kamling/ronda nu dilaksanakeun unggal peuting. Satuluyna, aya gotong royong dina ngajaga kabersihan Désa, gotong royong dina ngawangun sarana prasarana Désa saperti jalan, sasak, jsb. Sarta masih loba kénéh kgiatan-kgiatan gotong royong nu rutin dilaksanakeun ku masarakatna.

### 3.1.4 Sistem Organisasi Sosial

Saupama niténan sub-bab di luhur, kagambar yén salian ti miboga kahirupan anu nyekel pageuh tradisi gotong royong jeung silih ngahargaan antara masarakatna. Masarakat Désa Kulur ogé miboga sababaraha sistem organisasi sosial nu masih aktif ngayakeun kgiatan dina kahirupan masarakatna, di antarana nya éta organisasi LKMD/LPM, organisasi PKK, Karang Taruna, RT, RW, BUMDES, posyandu, Kelompok Tani, jeung organisasi Kaagamaan.

### 3.2 Sumber Data

Salah sahiji kagiatan utama dina panalungtikan nya éta kagiatan ngumpulkeun jeung nganalisis data hasil panalungtikan nu luyu jeung tujuanna. Ku lantaran kitu, panalungtik perlu mauluruh sarta nangtukeun sumber datana. Nu dimaksud sumber data nya éta tempat, jalma atawa barang anu aya patalina jeung objék panalungtikan. Aya tilu hal penting anu kudu diperhatikeun ku panalungtik anu aya patalina nalika prosés meunangkeun data, nya éta 1) perspéktif, 2) tekstual, jeung 3) kebermaknaan (Maryaeni, 2005: 60-61).

- 1) Perspéktif kana data dina kontéks panalungtikan kualitatif ngawengku opat perspéktif nya éta perspéktif réalis, konstruktivis, rélativis, jeung postmodernis;
- 2) Tékstualisasi data panalungtikan nyoko kana konsépsi yén nalika ngamimitian jeung lumangsungna ngumpulkeun data panalungtikan, panalungtik kudu mampuh nataharkeun data boh nu kakara dicokot boh nu geus aya;
- 3) Kebermaknaan, data panalungtikan anu digambankeun dina kaayaan sadar batin panalungtik geus ngawakilan ciri, lambang, gambaran, jeung ilusi anu teu luyu jeung kanyataannana sacara langsung nepi ka éta data ngalaman *lose their ownform*. Pernyataan ieu sajalan jeung Focault (1969: 11) dina Maryaeni (2005: 66) yén data téh minangka:

*things, ... become so burdened with attributes, signs, allusions that they finally lose their form. Meaning is no longer read in an immediate perception, the figure no longer speaks for itself between the knowledge which animates and the form into which it is transposed.*

Nurutkeun Arikunto (2009: 99) sumber data ngawengku tilu rupa, nya éta: jalma, (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*).


- 1) Jalma (*person*), nya éta sumber data nu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét;
- 2) Tempat (*place*), nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Tempat mangrupa objék pikeun métode obsérvasi;


- 3) Kertas atawa dokumén (*paper*), nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén.

Dumasar kana pedaran di luhur, sumber data anu baris digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta studi pustaka, data tina hasil wawacara ti seniman *Gaok*, video hasil tina pintonan kasenian *Gaok* di Désa Kulur, jeung data ti masarakat sabudeureun. Ku kituna, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nya éta grup kasenian “*Gaok Kombinasi Sinar Kiara Rambay*” di Désa Kulur Kabupaten Majalengka.

### 3.3 Désain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirancang pikeun ngajawab jeung ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Luyu jeung pamadegan tadi, ieu panalungtikan baris ngagunakeun desain panalungtikan numutkeun Arikunto (2006: 22-23) nya éta 1) nangtukeun masalah, 2) studi pendahuluan, 3) ngawatesan jeung ngarumuskeun masalah, 4) ngarumuskeun anggapan dasar, 5) nangtukeun sumber data, 6) nangtukeun jeung nyusun instrumen, 7) ngumpulkeun data, 8) analisis data, 9) nyieun kacindekan, jeung 10) nyusun laporan. Sangkan leuwih jelas ieu desain panalungtikan baris disusun saperti ieu di handap:





### 3.4 Métode Panalungtikan

Métode dianggap mangrupa cara atawa stratégi panalungtik dina maham kana réalitas sarta nangtukeun léngkah-léngkah secara sistematis pikeun nyusun jeung nganalisis runtusan sabab akibat tina data jeung fakta anu kapanggih. Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Denzim jeung Lincoln (dina Maryaeni, 2005: 3) nétélakeun yén *Qualitative research is a field of inquiry in it's right. It crosscuts disciplines, fields, and subject matter.* Nu hartikeun ku manéhna yén panalungtikan kualitatif téh minangka tempat nimuna pamahaman anu mangrupa kagiatan anu nyoko kana sababaraha pangaweruh, disiplin atawa pangaweruh filosofis sajalan jeung kompléksitas kana poko masalah anu digawéan. Nurutkeun Cresweel (2008) dina Semiawan (:7) medar harti metode kualitatif minangka hiji pamarekan atawa mutalaah pikeun *mengeksplorasi* jeung maham hiji tanda-tanda anu *séntral*.

Dumasar rupana, dina panalungtikan kualitatif aya nu disebut panalungtikan déskriptif. Panalungtikan kualitatif miboga maksud pikeun ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa kekecapan tinulis, atawa lisan nu sumberna ti jalma-jalma anu dimutalaah sacara *partisipasi* (Ali, 2007: 42).

Panalungtikan deskriptif nya éta hiji métode pikeun ngagambarkeun kaayaan objék anu ditalungtik tur ngébréhkeun aspék-aspék anu dijadikeun puseur dina panalungtikan.

Métode kualitatif deskripsi dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsi keun ajén-ajén budaya Sunda nu aya dina kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupatén Majalengka.

### **3.5 Wangenan Operasional**

Sangkan leuwih jéntré, dina ieu panalungtikan perlu wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, sakumaha ditétélakeun ieu di handap:

#### 1) Ajén budaya

Numutkeun Koentjaraningrat (1987:85) ajén budaya mangrupa konsépsi-konsépsi anu aya dina pikiran masarakat ngeunaan hal-hal anu dianggap mulya. Cindekna ajén budaya téh mangrupa nilai, harga, kualitas nu aya dina hiji budaya boh nu mangrupa alat boh hal anu lain mangrupa alat (abstrak) nu nyampak tur aya gunana pikeun kahirupan manusia.

#### 2) Sunda

Kecap Sunda numutkeun Gonda dina Ruhaliah (2002: 4), nétélakeun yén kecap Sunda asalna tina *cuddha* hartina bodes, nya éta mangrupa gunung Sunda ditenjo ti kajauhan anu rupana bodes alatan lebu bituna gunung. Dina *Kamus Basa Sunda*, R.A Danadibrata kecap Sunda téh hartina pangkat, cai, waspada, ngarangkep, sinar, terang jeung bengras.

#### 3) Kasenian *Gaok*

Kesenian *Gaok* mangrupa salah sahiji kasenian tradisional nu sumebar di Désa Kulur Kabupatén Majalengka. Ieu kasenian kaasup kana seni sastra jenis “mamacan” atawa maca teks. Kecap *Gaok* dicokot tina kecap ngagorowok dina buku *Profil Kesenian Daerah Kabupaten Majalengka* Kusnadi (2005:6-7). Dina *Kamus Basa Sunda* karangan Danadibrata (2009: 207) kecap *Gaok* hartina sora gagak, sarta harti séjenna nya éta ngagaokan anu hartina nyalukan.

### 3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta hiji alat atawa fasilitas anu digunakeun nalika panalungtikan dina ngumpulkeun data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngahontal tujuan panalungtikan nya éta *handphone*, kaméra *digital* jeung pedoman wawancara.

- 1) *Handphone/telepon selulér*

*Handphone/telepon selulér* digunakeun pikeun ngarékam dina prosés ngumpulkeun data nalika ngawawancara para seniman *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay di Désa Kulur.

- 2) Kaméra *Digital*

Kaméra *digital* digunakeun pikeun moto atawa ngadokuméntasi nu jadi objék panalungtikan nya éta dina kasenian *Gaok*, boh prak-prakkanna boh waditra nu dipakéna sarta sagala hal anu aya pakaitna jeung ieu kasenian.

- 3) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para seniman *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay di Désa Kulur. Pertanyaan-pertanyaan anu aya dina pedoman wawancara nya éta:

1. Saha nami bapa sareng kalungguhan dina grup Seni *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay?
2. Kumaha sajarah Kasenian *Gaok* nu diaranan Seni *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay di Désa Kulur?
3. Kumaha prak-prakan kasenian *Gaok* ieu grup téh?
4. Dina acara naon waé seni *Gaok* digelarkeun?
5. Naha aya ritual husus saacan prakna ieu kasenian?
6. Di mana tempat digelarkeunna pintonan kasenian *Gaok*?
7. Saha waé anu bisa miluan dina ieu kasenian?

8. Pakakas atawa *properti* naon waé anu digunakeun dina kasenian *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay?
9. Saha waé seniman anu aya dina ieu kasenian?
10. Simbol-simbol naon waé anu aya dina pakakas atawa *properti* dina kasenian *Gaok* ieu?
11. Ti iraha bapa tiasa kana ieu kasenian?

### **3.7 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, téhnik obsérvasi, téhnik wawancara, jeung téhnik dokuméntasi.

#### **1) Téhnik Telaah Pustaka**

Téhnik telaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun bahan-bahan tulisan pikeun néangan tur nangtukeun dasar-dasar téoritis anu aya patalina jeung objék panalungtikan;

#### **2) Téhnik Obsérvasi**

Téhnik obsérvasi nya éta téhnik anu digunakeun pikeun néangan data langsung kana objék panalungtikan di lapangan nya éta ngeunaan sagala hal anu aya pakaitna jeung kasenian *Gaok*. Hasil kagiatan obsérvasi bisa mangrupa catetan, rekaman, atawa *vignette* tina hiji kajadian (Maryaeni, 2005: 69).

#### **3) Téhnik Wawancara**

Téhnik wawancara nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ku cara nyangking bahan lisan ngaliwatan wawancara ka jalma anu aya pakaitna jeung objék panalungtikan nya éta seniman kasenian *Gaok* di Désa Kulur Kabupaten Majalengka. Nurutkeun Maryaeni (2005: 70) wawancara mangrupa salah sahiji cara meunangkeun data anu dilakukeun ngaliwatan kagiatan komunikasi lisan dina wangun *terstruktur*, *semi terstruktur*, jeung henteu *terstruktur*.

#### **4) Téhnik Dokuméntasi**

**Ida Aridah, 2013**

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian *Gaok* di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran Maca di SMA Kelas XII  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik anu digunakeun pikeun ngadokuméntasi sagala hal anu bisa katangkep sacara *indrawi* nya éta kumaha prak-prakkan kasenian *Gaok* ti mimiti nepi kaahir pintonan.

### 3.8 Analisis Data

Sanggeus meunangkeun data nu diperlukeun, satuluyna éta data dianalisis. Analisis mangrupa kagiatan (1) nyusun data luyu jeung urutan masalah anu dibutuhkeun; (2) ngorganisasikeun data dina formasi, *kategori*, atawa *unit* anu tangtu saluyu jeung antisipasi panalungtik; (3) interprétsasi panalungtik kana *signifikansi* sababaraha data anu sajalan jeung pamahaman anu dibutuhékun; (4) ngajén data-data anu ka kumpul nepi ka ngahasilkeun kacindekan: hadé atawa goréng, luyu atawa henteu, *signifikan* atawa henteu (Maryaeni, 2005: 75).

Dina nganalisisna, panalungtik baris ngagunakeun metodé déskriptif pikeun ngajelaskeun jeung ngagambarkeun sarta ngécéskeun hasil panalungtikan anu dipiharep, luyu jeung tujuan. Ku cara milih sarta milah hasil obsérvasi jeung wawancara anu can disusun sacara sistematis, panalungtik ngamimitian kagiatan ngolah data saanggeus data ka kumpul, satuluyna éta data-data diédit jeung dibéré kode (*coding*). Tugas utama nalika prosés ngolah data nya éta ngédit (*editing*), yén dina ieu prosés panalungtik kudu maluruh atawa nalungtik deui catetan *spontan* nalika obsérvasi di lapangan, nginget jeung ngaplikasikeun sagala kajadian anu dirandapan di lapangan jadi catetan-catetan *sistematis*, pikeun mikanyaho naha éta data geus cukup sangkan bisa nyiapkeun prosés satuluyna (Ali, 2007: 49).

Anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta déskripsi umum wewengkon Désa Kulur Kabupatén Majalengka, sajarah seni *Gaok*, prak-prakkan kasenian *Gaok*, waditra jeung pakakas anu dipaké, ajén-inajén anu aya dina prak-prakkan kasenian *Gaok*, sarta ajén budaya Sunda anu aya dina kasenian *Gaok* Kombinasi Sinar Kiara Rambay. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.



Ida Aridah, 2013

Ajen Budaya Sunda Dina Kasenian Gaok di Desa Kulur Kabupaten Majalengka Pikeun Pangajaran  
Maca di SMA Kelas XII  
Universitas Pendidikan Indonesia | [repository.upi.edu](http://repository.upi.edu)